



New York State Board of Regents  
MaryEllen Elia  
Commissioner of Education  
The State Education Department  
The University of the State of New York / Albany, NY12234  
Office of Communications



## **ANONS POU PIBLIKASYON IMEDYAT 7 Mas 2017**

Pou Plis Enfòmasyon, Kontakte:  
Jonathan Burman oswa Jeanne Beattie  
(518) 474-1201  
[www.nysed.gov](http://www.nysed.gov)

### **DIREKTIV SOU DWA ELÈV IMIGRAN YO AK LWA SOU DIYITE POU TOUT ELÈV YO DISPONIB KOUNYE A NAN 20 LANG**

Direktiv yo fèk pibliye sou Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (Dignity for All Students Act, DASA) ak sou dwa elèv imigran yo, disponib kounye a nan 20 lang yo plis pale nan leta New York la, dapre sa Komisyonè Edikasyon Eta a MaryEllen Elia anonse jodi a. Pou reponn sou kantite ensidan yo rapòte k ap kontinye ogmante sou zafè entimidasyon, diskriminasyon ak asèlman nan tout peyi a, metsouli laperèz ak konfizyon ke dènye aksyon otorite federal yo sot pran la yo lakoz, Depatman Edikasyon Eta a, nan kolaborasyon ak biwo Pwokirè Jeneral la, deside bay tout distri lekòl yo direktiv sou sijè enpòtan sa yo. Kounye a paran yo, responsab legal timoun yo ak tout lòt endividi ki ta enterese yo, genyen plis aksè a direktiv enpòtan sa a.

“Lè nou kanpe ansanm, nou ka asire nou ke elèv nou yo santi yo jwenn sekirite ak sipò nan anviwònman lekòl yo a”, dapre deklarasyon Chanselye Betty A. Rosa fè. “Nou dwe reyafime angajman nou pou nou founi refij edikatif, kote elèv yo lib pou yo aprann, kèlkeswa ras yo, gwoup etnik yo, lang yo pale lakay yo, kondisyon imigrasyon yo, oryantasyon seksyèl yo oswa kèlkeswa nenpòt lòt kondisyon. Nou dwe ankadre tout timoun tankou yo se pwòp pitit nou, avèk anpil tandrès ak konpasyon.”

“Depatman Edikasyon Eta New York la konsidere seryezman tout aksyon ki konpwomèt klima lekòl la kote elèv nou yo vini pou yo aprann chak jou”, dapre deklarasyon Komisyonè Elia te fè. “Tout elèv nou yo gen dwa pou jwenn yon edikasyon gratis e pa dwe gen okenn timoun ki pou pè ale lekòl. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou kreye anviwònman aprantisaj ki san danje e ki ankourajan, e sa gen ladann tou, pou nou bay tout paran yo ak responsab legal timoun yo, resous yo bezwen pou yo jwenn bon jan enfòmasyon sou dwa yo ak sou dwa pitit yo genyen”.

Depatman an kounye a mete resous aladispozisyon paran yo, responsab legal timoun yo, ak tout lòt moun ki ta enterese, e resous sa yo tradwi nan dis lang yo plis pale nan tout Eta New York la. Lang sa yo se: Panyòl, Chinwa, Arab, Bengali, Ris, Oudou, Kreyòl Ayisyen, Franse, Karen ak Nepalè. Inisyativ sa a vin devlope epi li baze sou travay k ap fèt nan tèt kole ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York (OAG) pou asire pwoteksyon dwa elèv yo leplis posib selon lalwa.

Materyèl yo tradwi yo gen ladan yo sa Pwokirè Jeneral la, Eric T. Schneiderman ak Komisyonè Elia, te pibliye dènyèman, kote yo te raple distri lekòl yo obligasyon yo genyen pou yo konfòme yo ak lwa leta ak lwa federal ki egziste yo e ki garanti dwa timoun imigran yo genyen pou yo ale nan lekòl piblik nan New York san yo pa pè okenn reprezay. Direktiv la bay distri yo enfòmasyon enpòtan ki pètinan pou responsabite yo selon lalwa an parapò ak elèv yo ak konfidansyalite dosye elèv yo.

Anplis de sa, gen direktiv ak resous ki disponib pou ede pèsònèl lekòl la, elèv yo ak paran yo pou rapòte epi adrese tout ensidan konsènan asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon, avèk tou resous pou amelyore tout efò k ap fèt pou tabli ak kenbe yon klima lekòl pozitif ki konfòm ak sa DASA mande yo.

[Materyèl sa yo, ki nan 20 lang yo, disponib la a.](#)

[Enfòmasyon sou aksyon ki gen rapò ak imigrasyon disponib la a, alòske enfòmasyon sou direktiv ak resous yo ki konfòm ak DASA disponib la a.](#)